

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa jeung basa mangrupa dua komponén nu teu bisa dipisahkeun. Dina hirup kumbuhna, manusa tangtuna waé teu leupas tina interaksi nu maké basa. Sangkan komunikasi lumangsung kalawan lancar tangtuna mikabutuh sarana basa pikeun ngébréhkeun omongan. Sakapeung mah obrolan hiji jalma jeung jalma séjén téh henteu nyambung. Éta hal balukar tina kurangna pamahaman kana ma'na jeung situasi nu keur karandapan. Luyu jeung pamadegan Fitriah, spk., (2020, kc. 186), nalika lumangsungna omongan aya sababaraha panyatur nu kurang peka ka pamiarsa. Ku kituna, patali kontéks antara nu maké basa jeung pamiarsa téh dibutuhkeun pisan. Nurutkeun Hasibuan (2018, kc. 14), unggal omongan nu diucapkeun tangtuna miboga fungsi jeung maksud anu tangtu. Ieu pamadegan ogé luyu jeung nu diébréhkeun ku Tania & Hermaliza (2021, kc. 68), fungsi kontéks nyaéta pikeun nangtukeun ma'na obrolan tina hiji carita, basa nu digunakeunna kudu bener sangkan pamiarsa bisa maham kana ma'na nu ditepikeun.

Tanpa ayana kontéks, komunikasi moal lumangsung lancar, sabab kontéks bisa ngahudangkeun hiji carita. Saéstuna, nalika panyatur nepikeun hiji omongan, nu diulik téh lain kabasaanna hungkul, tapi ogé kudu merhatikeun segi pamahaman mitra tutur, naha omongan téh bisa dipikaharti jelas atawa henteu. Dumasar pamadegan di luhur ma'na nu nyamuni téh kudu diulik leuwih jero ngagunakeun kajian pragmatik. Nurutkeun Ningtias, spk., (2018, kc.2), talaah pragmatik niténan faktor nu maké basa dina kahirupan sapopoé. Cindekna, panyatur kudu ngawasa kaédah sosiokultural jeung kontéks dina ngagunakeun basa.

Kontéks boga peran nu gedé dina hiji wacana. Kontéks nyaéta situasi nu aya patalina jeung hiji kajadian. Nurutkeun Kleden (dina Sudaryat, 2020, kc. 129), kontéks nyaéta tempat jeung waktu anu spésifik anu disanghareupan ku hiji jalma atawa kelompok. Dina nyaruakeun kontéks omongan teu lumangsung dina interaksi sapopoé hungkul, bisa ogé lumangsung dina karya sastra, salasihijina nyaéta dina

naskah drama, nu miboga peran penting dina nepikeun basa jeung informasi. Drama nyaéta karangan sastra nu midangkeun carita atawa lalakon dina wangun dialog, ajangkeuneun dilakonkeun ku aktor dina pagelaran drama (Isnendes, 2010, kc. 75). Dialog antara pamaén miboga fungsi jeung tujuan nu kudu dipikaharti ku pamiarsa.

Alesan panalungtik milih naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna nyaéta didadasaran ku sababaraha faktor, di antarana loba omongan, dialog, jeung narasi nu ngandung kontéks, sarta aya maksud atawa ma’na nu nyamuni dina dialog. Ieu naskah drama ogé mangrupa naskah anu kungsi dipintonkeun dina Festival Drama Basa Sunda taun 2016. Salian ti éta, panalungtikan kontéks kapragmatikan dina naskah drama Sunda can kungsi ditalungtik.

Dina sababaraha dialog naskah drama “Mojang Dua Rébuan”, kapanggih aya sababaraha dialog nu teu dipikaharti ku pamiarsa, sabab balukar tina kurangna pamahaman jeung situasi pamiarsa nu kurang siap nampa informasi. Conto dialogna saperti kieu “Lain rék balanja. Kami opatan datang ka dieu, rék méré ultimatum ka Si Engkol...”.

Ditilik tina conto dialog di luhur, katitén yén informasi ka pamiarsa téh katarima kalawan hadé, tapi bisa ogé salah harti lantaran teu sakabéh pamiarsa bisa ngarti jeung paham, sabab situasina henteu siap sarta teu sakabéh pamiarsa miboga kasang tukang pangaweruh nu sarua. Upama masalah ieu diantep bisa nimbulkeun rupa-rupa ma’na jeung harti séjén, sabab maksud anu ditepikeun ku panulis teu sakabéhna nyampak, tangtuna waé aya ma’na jeung maksud nu nyamuni. Luyu jeung pamadegan Ismi & Rahayu (2021, kc. 60), sagala hal nu aya patalina jeung omongan, boh patali harti, maksud, atawa informasi museur kana kontéks nu ngasangkutanan lumangsungna obrolan. Ku kituna, pesen nu rék ditepikeun sakapeung mah henteu ditarima sagemblengna, sabab aya sababaraha panyatur anu ngobrolna kurang jelas tur teu luyu jeung situasi atawa kontéks. Ku kituna, Sudaryat (2020, kc. 129), nyebutkeun upama hayang maluruh ma’na sagemblengna, kudu nyaho heula saha panyaturna, saha pamiarsana, jeung waktu prosés komunikasina. Para pakar wacana ogé nyarankeun, saméméh nganalisis kalimah, kudu nganalisis kontéksna heula.

Nurutkeun pamadegan di luhur, pikeun ngungkulan ieu masalah nyaéta ngagunakeun pamarekan pragmatik, sabab kekecapan atawa kalimah nu disebutkeun tadi téh henteu ngébréhkeun harti nu saenyana. Ku kituna, pangregep atawa pamaca kudu mikahanyo kontéks omonganana sangkan maksud jeung hartina bisa katarima kalawan jelas.

Dina ieu panalungtikan, kontéks wacana ditilik tina segi kontéks situasi jeung kontéks wacana. Éta unsur-unsur téh silih mangaruhan dina lumangsungna komunikasi. Nurutkeun Imam Syafi'i (dina Sudaryat, 2020, kc. 130), kontéks makéna basana téh aya opat rupa, nyaéta kontéks fisik, kontéks épistémis, kontéks linguistik, jeung kontéks sosial. Ari kontéks wacana mah nurutkeun Dell Hymes (dina Sudaryat 2020, kc, 131) disingget jadi SPEAKING, tapi dina basa Sundana mah jadi UNGKARA.

Geus loba panalungtikan nu ngaguar ngeunaan kontéks kawacanaan, tapi anu ngaguar kontéks kawacanaan dina naskah drama basa Sunda mah can aya nu ngalaksanakeun. Anapon Panalungtikan saméméhna nu geus kungsi digarap nyaéta panalungtikan nu judulna “Analisis Konteks dan Implikatur Pada Novel 5 cm Karya Donny Dhiringantoro” (Ningtias, spk., 2018), saruanna nyaéta medar ngeunaan kontéks situasi nurutkeun tiori Imam Syafi'i nu ngawengku kontéks linguistik, kontéks épistémis, kontéks sosial jeung kontéks fisik. Dina ieu panalungtikan mah dipedar leuwih jembar deui, nyaéta ngulik kontéks wacanana ogé. Aya ogé panalungtikan nu judulna “Analisis Konteks Wacana dalam Buku Kumpulan Cerita Rakyat Daerah Se-Provinsi Riau” (Tania & Hermaliza, 2021), medar negunaan kontéks wacana nu ngawengku, latar (*setting dan scene*), nu dicaritakeun (*participants*), hasil (*ends*), amanat (*message*), cara (*key*), sarana (*instrument*), norma (*norms*), jeung jenis (*genre*). Lian ti éta, aya panalungtikan “Analisis Konteks Wacana dalam Novel Selembur Itu Berarti Karya Suryaman Amipriono” (Ismi & Rahayu, 2021) nganalisis ngeunaan kontéks luar basa/kontéks budaya jeung kontéks basa nu ngawengku latar, unsur cara jeung amanat. Anu bakal kadi pangbéda jeung ieu panalungtikan nyaéta tina lega ambahanana, ieu panalungtikan mah bakal museur tur ngaguar kontéks wacana jeung kontéks situasina.

Sasaruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna sarua medar ngeunaan kontéks pragmatik dina wacana. Anu ngabédakeunana mah nyaéta dina objék, sumber nu ditalungtikna, jeung lega ambahanana. Dina panalungtikan Tania & Hermaliza (2021) sumberna tina buku kumpulan carita rakyat, sedengkeun panalungtikan Ismi & Rahayu (2021) jeung Ningtias spk., (2018) sumberna tina novél. Objék nu rék dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama basa Sunda. Lian ti éta ogé, ieu panalungtikan mah ambahanana bakal leuwih lega, henteu museur kana kontéks wacanana hungkul, tapi ogé kontéks situasina bakal dianalisis jeung diguar.

Dumasar kana pedaran di luhur, “Kontéks Kawacanaan dina Naskah Drama Mojang Dua Rebulan Karya Dadan Sutisna” can aya nu nalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan perlu jeung penting dilaksanakeun. Dipiharep bisa nambahan ragam kajian élmu pragmatik, hususna dina widang kontéks kapragmatikan wacana.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun saperti ieu di handap

- a. Kontéks wacana naon waé nu aya dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna?
- b. Kumaha kontéks situasi dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikawanoh jeung manggihan kontéks wacana jeung kontéks situasi nu aya dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna.

1.3.2 Tujuan Husus

Ari sacara hususna mah, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun dua hal nu ngawengku:

- a. kontéks wacana dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna; jeung
- b. kontéks situasi dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan pragmatik jeung wacana hususna dina widang kontéks kapragmatikan wacana. Sajaba ti éta, pikeun mikanyaho kontéks wacana nu nyampak dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna, sarta nu pamungkas hasil tina panalungtikan ieu ogé bisa dijadikeun référénsi atawa gambaran ka nu rék ngulik kontéks wacana satuluyna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, di antarana waé:

- a. Pikeun panalungtik, bisa nambahan pangaweruh sarta bisa méré informasi ngeunaan kontéks wacana.
- b. Pikeun guru, bisa dijadikeun salasahiji sumber pangajaran dina matéri naskah drama.
- c. Pikeun murid, dipiharep bisa jadi référénsi pikeun diajar napsirkeun tur maluruh naskah drama.
- d. Pikeun nu maca, dipiharep ieu panalungtikan bisa méré informasi ngeunaan kontéks wacana ogé pikeun panalungtikan satuluyna bisa jadi référénsi.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika panalungtikan tina ieu tulisan ngawengku lima bab. Bab I Bubuka, eusina ngaguar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Bab II Ulikan Tiori, eusina medar sababaraha tiori ngeunaan kontéks wacana jeung kontéks situasi jeung panalungtikan saméméhna. Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngajéntrékeun ngeunaan méthode panalungtikan, désain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik

nganalisis data. Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar perkara hasil analisis tina panalungtikan nu geus dilakukeun. Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina nyaéta kacindekan jeung saran tina hasil analisis sarta implikasi jeung rékoméndasi.